



Maladi Coronavirus 2019 (COVID-19)

Kesyon yo Poze Souvan

Mizajou 6 Mas 2020

Sou direksyon Gouvènè Larry Hogan, ajans eta yo ap kontinye devlope plan repons prevansyon ak kowòdinasyon pou maladi coronavirus 2019 (COVID-19).

Depatman Sante Maryland (MDH) pral kominike avèk piblik la, bay mizajou kòm sitiyasyon sa a ap devlope ak enfòmasyon egzat sou kijan pou pwoteje tèt ou ak fanmi w.

Kisa COVID-19 ye?

COVID-19 se yon maladi ki koze pa yon viris respiratwa ke yo te premye idantifye nan Wuhan, Hubei Province, China nan Desanm 2019. COVID-19 yon nouvo viris ki potko koze maladi lakay imen anvan. Nan tout mond lan, COVID-19 te lakoz nan plizyè milye enfeksyon imen, koze maladi ak nan kèk ka lanmò. Ka yo te pwopaje nan tout peyi nan mond lan, avèk plis ka ki te rapòte chak jou.

Èske COVID-19 te pwopaje nan Etazini?

COVID-19 te pwopaje nan Etazini e li te lakòz kèk moun vin malad, e nan sèten ka, lanmò.

Alòske pifò nan ka ki konfime yo te soti bò kote moun ki te vwayaje entènasyonalman nan peyi yo ki gen anpil ka COVID-19, yo te siyale kèk pwopagasyon kominotè nan Etazini “Pwopagasyon kominotè” vle di moun ki te enfekte avèk viris la nan yon zòn, sa ki gen ladan moun ki pa konnen kijan oswa ki kote yo te enfekte.

Ki risk piblik la genyen kounye a?

Li pwobab ke nan yon sèten pwèn, yon transmisyon jeneralize nan COVID-19 nan Etazini pral rive. Espesyalis yo prevwa ke nan semèn ak mwa kap vini yo, nou ka espere pou wè plis ka nan Etazini ak nan tout mond lan.

Pwopagasyon nan kominote a se fason rim ak grip komen yo transmèt— sa vle di moun yo atrape l youn ak lòt pandan yap fè aktivite yo chak jou. Pwopagasyon COVID-19 nan kominote a siyale nan sèten pati nan Etazini ogmante nivo enkyetid osijè menas imedyat pou kominote ki afekte yo.

Èske gen moun nan Maryland ki genyen nouvo viris sa a kounye a?

Nan dat 5 Mas 2020, yo te anonse ke Maryland gen twa ka COVID-19 ki konfime. Pasyan yo, ki te kontrakte viris la pandan yap vwayaje aletranje, yo an bon kondisyon e yo an karantèn lakay yo.

Nan dat 5 Mas, Govènè. Hogan te deklare yon eta dijans pou plis mobilize tout resous yo ki disponib nan eta. Deklarasyon sa ofisyèlman otorize ak mande MDH ak Ajans Jesyon Ijans Maryland [Maryland Emergency Management Agency (MEMA)] pou ranfòse kowòdinasyon pami tout eta ak ajans lokal yo. Deklarasyon an otorize tou MDH ak MEMA pou akselere kowòdinasyon avèk depatman sante lokal yo ak eta nou an ansanm avèk ekip jesyon ijans yo.

Wap jwenn disponib enfòmasyon ajou sou tès ak kantite ka nan Maryland nan health.maryland.gov/coronavirus. Paj sa a ajou chak jou.

Kimoun ki gen risk kounye a?

Aktyèlman, moun ki gen risk se moun ki:

- Te vwayaje pa twò lontan de sa nan zòn jeyografik ki gen enkyetid
- Gen kontak pèsònèl, deprè avèk yon moun ki dyagnostike avèk COVID-19
- Pran swen pou moun ki genyen COVID-19

Kijan COVID-19 pwopaje?

Yo panse ke COVID-19 ka pwopaje tankou rim oswa grip atravè:

- Touse ak estènnye, sa ki kreye goutelèt respiratwa
- Kontak pèsònèl etwat, tankou manyen oswa bay lamèn
- Manyen yon objè oswa sifas ki gen viris la sou li

Kisa ki sentòm COVID-19?

- Lafyè
- Tous
- Souf kout
- Nan ka ki pi grav yo, nemoni (enfeksyon nan poumon yo)

Kisa mwen ta dwe fè si m panse ke mwen malad avèk COVID-19?

Si ou te vwayaje pa twò lontan de sa nan nenpòt zòn jeyografik ki gen enkyetid oswa ou te an kontak avèk yon moun ki genyen COVID-19, e ou vin malad avèk lafyè, tous oswa ou gen difikilte pou respire, chèche swen medikal touswit. Swiv etap sa yo:

- Rele doktè w oswa saldjans anvan ou ale
- Enfòm yo sou resan vwayaj ou ak kontak etwat (tankou moun lakay ou)
- Mete yon mask, si youn disponib

Si yon moun gen COVID-19, kisa ki pral rive yo?

Gwo majorite moun retabli nan enfeksyon sa a. Pifò moun pral genyen sentòm leje oswa modere. Yo ka konseye sèten moun pou yo retabli lakay yo ak izole tèt yo de lòt moun. Moun sa yo ta dwe rele doktè oswa pwofesyonèl swen sante yo si sentòm yo vin pi mal.

Sètèn enfeksyon COVID-19 ka kondwi nan maladi grav, e nan kèk ka lanmò. Si yon moun gen yon maladi ki pi grav nan COVID-19, yo ka entène yo nan lopital. Lòt moun aje ki gen yon kondisyon medikal ki egziste deja avèk yon risk ki pi elve pou maladi grav. Egzanp kondisyon medikal ki egziste deja se: kansè, dyabèt, maladi kè oswa lòt kondisyon ki afekte kapasite sistèm iminitè pou konbat mikwòb.

Èske mwen ta dwe anile plan pou m vwayaje aletranje?

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi [Centers for Disease Control and Prevention (CDC)] ap mete notifikasyon sou vwayaj yo ajou. CDC te konseye kont vwayaj ki pa esansyèl yo nan sètèn zòn jeyografik ki gen enkyetid. Yo konseye moun ki gen kondisyon sante kache yo pou evite vwayaj ki pa esansyèl nan sètèn zòn egalman.

Vizite sit konsiltasyon vwayaj CDC pou verifye sou avètisman vwayaj yo si wap planifye yon vwayaj aletranje: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/index.html>.

Èske mwen ta dwe mete yon mask lè map soti an piblik?

Non. Mask pou figi pa rekòmande pou piblik jeneral la, byenke mask yo kapab itil nan kèk anviwonman— tankou nan lopital oswa klinik saldatant yo — pou anpeche yon moun ki gen yon maladi respiratwa pa pwopaje l bay lòt moun.

CDC a pa rekòmande ke moun ki mete yon mask pou figi pou pwoteje tèt yo kont maladi respiratwa, sa ki gen ladan COVID-19. Ou ta dwe mete sèlman yon mask figi si yon pwofesyonèl swen sante rekòmande l. Yon moun ki gen COVID-19 e ki montre sentòm yo ta dwe mete yon mask pou figi. Sa a se pou pwoteje lòt moun nan risk pou fè enfeksyon. Itilizasyon mask pou figi enpòtan tou pou travayè sante yo ak lòt moun kap pran swen yon moun ki enfekte nan COVID-19 nan yon anviwonman pwòch (nan kay oswa nan yon etablisman swen sante).

Kisa mwen ka fè pou m pwoteje tèt mwen ak lòt moun?

Pran etap prevansyon chak jou ki toujou rekòmande pou diminye pwopagasyon maladi respiratwa tankou rim ak grip:

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo cho pou omwen 20 segonn
- Itilize yon dezenfektan pou men avèk alkòl avèk omwen 60 pousan alkòl si savon ak dlo pa disponib
- Kouvri tous avèk etènnye avèk yon mouchwa, manch rad ou oswa koud ou
- Evite manyen zye w, nen ak bouch
- Netwaye ak dezenfekte objè ak sifas ou manyen souvan lè ou itilize pratik netwayaj pwòp
- Evite kontak depre avèk moun ki malad
- Si ou malad, rete lakay ou, sof lè wap chèche swen medikal

Èske gen yon vaksen oswa medikaman mwen ka pran pou COVID-19?

Poko, akoz COVID-19 se yon nouvo maladi. Men, anpil espesyalis ap travay pou devlope youn. Tankou menm jan avèk nenpòt nouvo vaksen, yo dwe teste l pou asire li ansekirite ak efikas. Li ka pran plis pase yon lane pou yon vaksen COVID-19 ta fin fasilman disponib.

Aktyèlman, pa gen medikaman spesifik ki disponib pou trete COVID-19. Men, moun ki genyen COVID-19 ta dwe chèche swen medikal pou ede diminye gravite sentòm yo.

Kijan mwen ka pi byen prepare pou COVID-19?

- Gen yon apwovizyonman apwopriye medikaman ki pa sou-preskripsyon ak lòt pwodui sante ki disponib, sa ki gen ladan medikaman pou soulaje doulè, remèd pou lestomak, medikaman pou tous ak rim
- Tcheke medikaman preskripsyon regilye w pou asire ou gen yon apwovizyonman adekwat; ranpli preskripsyon ou yo si sa nesesè
- Gen yon tèmomèt, mouchwa ak dezenfektan pou men sizoka ou ta vin malad e ou dwe rete lakay ou pou retabli
- Pale avèk manm fanmi ak paran pwòch ou sou kijan yap pran swen w si ou ta vin malad ak kisa ki pral nesesè pou yo nan kay
- Gen yon rezèv dlo ak manje pou de-semèn lakay ou

Èske gen nenpòt lòt bagay mwen ta dwe konnen?

- Pa stigmatize moun sou nenpòt etnisite spesifik oswa orijin rasyal. Viris yo pa sible moun ki soti nan popilasyon spesifik, etnisite oswa orijin rasyal.
- Rete enfòm epi chèche enfòmasyon nan sous ofisyèl, fyab. Fè pridans sou mit, rimè ak move enfòmasyon kap sikile sou entènèt ak lòt kote. Enfòmasyon sante ki pataje atravè medya sosyal yo souvan pa egzat, sof li soti nan yon sous fyab ak ofisyèl tankou CDC, MDH oswa lòt depatman sante lokal yo.

Èske gen lòt resous anplis ki disponib pou gwoup spesifik yo, tankou biznis?

CDC bay enfòmasyon aktyèl sou COVID-19 nan [cdc.gov](https://www.cdc.gov).

Biznis yo

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/specific-groups/guidance-business-response.html>

Fanm ansent, sila yo kap bay tete, ak timoun yo

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/specific-groups/pregnant-women.html>

Lekòl

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/schools-childcare/guidance-for-schools.html>

Vwayajè

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/faqs.html>

Mizajou chak Semèn

Pou resevwa imèl chak semèn sou COVID-19, antre adrès imèl ou epi tape "COVID-19" nan kazyè rechèch nan URL sa a:

https://tools.cdc.gov/campaignproxyservice/subscriptions.aspx?topic_id=USCDC_2067